

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta proses anu dirancang pikeun ngajawab jeung ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Anapon desain panalungtikan anu bakal dipaké dina ieu panalungtikan nya éta 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) nangtukeun sumber data, 6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 7) ngumpulkeun data, 8) nganalisis data, 9) nyieun kacindekan, jeung 10) nyusun laporan (Arikunto, 2010: 62).

3.2 Métode Panalungtikan

Métode asalna tina basa Yunani “ methodos” anu hartina cara atawa jalan anu ditempuh. Métode bisa dihartikeun minangka cara anu dilakukeun pikeun nyangkem hiji objék salaku élmu anu silih pakuat-pakait.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif analisis. Ieu Métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun unsur struktur jeung semiotik nu aya dina novél *Sudagar Batik*. Ku cara ngagunakeun métode déskriptif dipiharep bisa katangkep gambaran nu saayana tur objéktif. Panalungtikan déskriptif téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta atawa sakabéh data nu aya dina novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri.

3.3 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Analisis Struktural jeung Semiotik dina novél *Sudagar Batik* Karangan Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA”. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap bakal dipedar ngeunaan wangenan operasionalna.

1. Analisis, mangrupa hiji kagiatan dina medar hiji masalah pikeun ngahontal tujuan.
2. Struktural, sacara étimologis asal kecapna “struktur” hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok gejala atawa unsur. Salian ti éta, disebut ogé tata hubungan antara bagian-bagian hiji karya sastra nepi ka jadi gembleng.
3. Semiotik, mangrupa élmu ngeunaan tanda-tanda atawa pamahaman ma’na karya sastra dumasar kana tanda nu aya dina éta karya.
4. Bahan pangajaran, nya éta matéri panajajaran atawa alat tina sistem pangajaran pikeun ditepikeun ku guru ka siswa dina proses kagiatan diajar-ngajar anu luyu jeung kurikulum.
5. Aprésiasi, nya éta kasadaran kana ajén-ajén nu nyangkaruk dina warnaning seni jeung budaya, tumuwuh tina rasa meunang kasugemaan (éstétis) jeung ngarasa meunang mangpaat sacara émosional jeung intéléktual.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010: 150), instrumen panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Palebah ngumpulkeun data, instumen anu dipaké nya éta kartu data, gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya.

Gambar 3.1
Conto Kartu Data
Analisis Unsur Struktural

Nomer :	
Analisis :	
Cutatan :	
Keterangan :	

Gambar 3.2
Conto Kartu Data
Analisis Unsur Semiotik

No	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	2	3	4
		Ikon	
		Indéks	
		Simbol	

3.5 Téhnik Panalungtikan

Luyu jeung métode anu digunakeun, téhnik panalungtikan anu digunakeun nya éta téhnik ulikan pustaka jeung studi dokuméntasi atawa analisis data.

3.5.1 Téhnik Talaah Pustaka

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data kalawan maké cara nalaah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman téori-téori nu aya patalina jeung garapan panalungtikan.

3.5.2 Téhnik Studi Dokuméntasi / Analisis Data

Salian ti téhnik talaah pustaka, dina ieu panalungtikan digunakeun ogé téhnik studi dokuméntasi atawa analisis data, téhnik ieu digunakeun pikeun nganalisis sakabéh data anu aya dina novél *Sudagar Batik* karangan Amad Bakri dumasar kana struktur jeung unsur semiotikna. Tina éta téhnik bakal kapanggih data-data anu dipiharep. Cara nganalisisna nya éta ngagunakeun kartu data anu jumlahna diluyukeun jeung jumlah data anu dipiharep. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- a) nganalisis struktur novél
- b) nganalisis unsur semiotik novél

3.6 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh data anu aya dina novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri anu ngawengku unsur strukturna kayaning téma, fakta carita (galur, palaku, latar), sarana carita (puseur panitén, gaya basa, nada/suasana), jeung amanat, sarta unsur semiotikna saperti ikon, indéks, jeung simbol.

3.6.1 Idéntitas novel *Sudagar Batik*

Judul novél : *Sudagar Batik*

Pangarang : Ahmad Bakri

Jumlah kaca : 81 kaca

Penerbit : PT Kiblat Buku Utama

Taun Medal : Citakan ka-3 Januari 2009

Warna Cover : Bagian hareup (beureum), bagian tukang bodas.

3.6.2 Déskripsi Pangarang jeung Novél *Sudagar Batik*

Pangarang novél anu judulna *Sudagar Batik* téh nya éta Ahmad Bakri. Ahmad Bakri dibabarkeun di Désa Rancah, Ciamis dina tanggal 11 Mei 1917. Satamatna ti Sakola Ra'yat 3 taun, Ahmad Bakri neruskeun ka Schakel School (sakola sambungan) di Ciamis. Meunang sawatara bulan kungsi masantréni di Genténg jeung di Sadéwa. Taun 1937, milu kursus montir di Bandung, tapi teu kungsi tepi ka tamat. Ti dinya digawé di PTT, tepi ka jaman Jepang.

Taun 1949 Ahmad Bakri pindah ka Bandung, lantaran kaayaan di lemburna teu aman balukar gangguan gorombolan. Kungsi ngajar di SD Cicadas (1952), tuluy milu ujian persamaan SGB, ditéma deui ku KGA, anu sabada tamat diteruskeun ka B-1 Basa Sunda.

Mimiti nulis taun 1937, tapi harita karyana kungsi ditolak ku Balé Pustaka. Kakara ditarima karyana nya éta taun 1963, karya-karyana réa dimuat dina majalah. Dina taun 1965 jeung 1966 meunang hadiah tina carita pondok nu dimuat dina majalah Manglé. Karya-karyana loba pisan anu geus medal, salasahijina nya

éta novél *Sudagar Batik*. Novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri ieu minangka novél anu dimedalkeun ku PT. Kiblat Buku Utama taun 2009. Ieu novél minangka citakan katilu. Jumlah kaca dina ieu novél nya éta 81 kaca, anu kabagi jadi 6 bab. Bab 1 judulna *Kaleleban*, bab 2 *Dukun Lepus*, bab 3 *Yatim*, bab 4 *Hujan Cimata*, bab 5 *Sémah Ahéng*, jeung bab 6 *Sudagar Batik*.

Novél *Sudagar Batik* teu bédha jauh jeung novél-novél lianna. Pidangan jilidna beulah hareup warna beureum, tuluy aya gambar jalma opatan, aya tanggungan jeung bésék anu eusina batik anu bahanna tina awi, aya gambar imah. Dina jilid, jelas pisan ayana gambar jalma opatan téh ngagambarkeun para palaku anu bakal kalibet dina éta carita, kitu deui aya tanggungan jeung bésék dagangan anu eusina batik, éta ngagambarkeun jalma anu rék ngadagangkeun batik atawa Juragan Batik. Jadi lamun nilik tina kaayaan jilid baé ogé geus bisa ngawakilan rasa kapanasaran nu maca yén novél éta téh nyaritakeun jalma nu balantik kana batik.

Jilid beulah tukang mah warna bodas, tapi dina lebah ieu aya sempalan eusi carita atawa ringkesan novél *Sudagar Batik*. Ieu hal bisa katitén saperti di handap.

“Si Kasja ngejat. Mimitina mah dicarékan ku bapana, tapi bet kalepasan, nepi ka diteunggeulna pisan. Ari geus karuhan anakna minggat mah, Bapa Si Kasja teu burung kaduhung, terus baé ditéangan. Tapi sanggeus sababaraha poé, lebeng euweuh raratahna. Tungtungna Bapa Si Kasja gering, nepi ka maotna. “Sanggeus ditinggalkeun ku salakina, Bi Arwiah hirup kadua anakna, Si Inén. Pagawéanana ukur buburuh, néangan sahuap-sakopeun. Sawah geus euweuh, urut mulasara salakina. Kumaha atuh ari nasib Si Kasja? Naha hirup kénéh atawa geus maot?”

Dina lebah tukang ogé, salian ti aya sempalan eusi carita aya ogé sawangan anu nyebutkeun gambaran sacara umum ngeunaan novel. Éta hal bisa ogé disebut bagian téma anu nyangkaruk dina carita. Gambaran éta bisa katitén saperti ieu di handap.

“Sudagar Batik ngagambarkeun kasarakahan manusa enggoning ngudag kasenangan dunya. Dina ieu buku, Ahmad Bakri kalawan tapis

ngagambarkeun rupaning pasualan hirup dina suasana pilemburan. Ditulis ku basa nu lancar, sakapeung diselapan humor.”

Sempalan eusi caritana dihaja ngan saeutik, éta hal minangka salahahiji tarékah sangkan ngirut balaréa maca kana novél *Sudagar Batik*.

Novél *Sudagar Batik* kaasup kana novél sosial, lantaran eusina nyaritakeun masalah sosial saperti kateuadilan, silih tipu, sarakah, jeung perjuangan. Salian ti éta ieu novél bisa ogé kagolong kana novél barudak, lantaran tokoh utamana budak, jeung caritana nyaritakeun masalah anu raket patalina jeung kahirupan budak.

3.7 Léngkah Garapan

Léngkah-léngkah garapan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1) Tatahar

1. Néangan sumber panalungtikan
2. Nangtukeun masalah, judul jeung rangkay panalungtikan
3. Nyieun proposal panalungtikan
4. Konsultasi

2) Tahap Ngumpulkeun Data

1. Ngumpulkeun data panalungtikan
2. Maca novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri
3. Ngainventarisasi data
4. Konsultasi ka dosen pembimbing

3) Tahap Ngolah Data

1. Nganalisis data dumasar kana unsur struktural jeung unsur semiotik
2. Nyindekkeun data
3. Konsultasi ka dosen pembimbing

4) Tahap Nyusun Laporan

1. Nyusun laporan panalungtikan dina wangu skripsi.